



**Kwafi sa yo pa senp !**

Otè :  
Laissa Moise

# Folikil cheve afwo

Tip cheve Afriken-Ameriken yo gen plis grès (sa syantis yo rele « lipid »). Koneskyon ki makonnen lipid yo ansanm fèb anpil, Se sa ki fè tip cheve sa a toujou dezidrate. Twou rasin cheve yo (sa syantis yo rele « folikil ») pi pwès avèk yon fòm plat ki koz li pi boukle ke lòt tip cheve.

Fòm twou rasin cheve (« folikil »)  
ki detèmine kalite teren cheve a



swa

brize

boukle

afwo

Lajè folikil ki detèmine epesè cheve a



pwès

mens

pwès

mens

# Chapant afwo

Afwo se yon tip cheve ki gen tandans pou l sèch tankou yon eponj. Li ka mou, founi oubyen rèd. Fòmasyon cheve a fèt nan stil zigzag ki pèmèt cheve a parèt boukle soti nan rasin pou rive nan pwent. Se fòmasyon sa yo ki fè cheve a gen bezwen ki pa menm ak bezwen lòt tip cheve.



# Pou ki sa cheve afwo rete nan yon sèl direksyon ?

Cheve afwo gen yon fòm zigzag. Se sa ki koz li parèt pi kout pase cheve swa ki ta gen menm longè a. Pandan cheve a ap grandi nan direksyon solèy la, li tou natirèlman rete an lè.



# Cheve nou se istwa nou

Très soti nan divès kominote ann Afrik. Stil  
très yo reprezante chak kominote epi ede  
idantifye nan ki kominote chak moun soti.  
Chak stil très endike yon kominote, laj yon  
moun, ran sosyal li, relijyon l, eta sivil li,  
enfliyans li, nivo ekonomik li, e latriye. Ki fè  
très sa yo ka ede nan etid sou kilti ak istwa  
zansèt nou yo ann Afrik.



# Cheve nou te sove zansèt nou yo

Très ak kòdonèt soti ann Afrik epi yo rive ateri nan zòn Karayib la. Manman ti moun te konn mete diri anndan kòdonèt nan tèt pitit yo pou yo ka manje lè yo grangou — sitou nan moman lè blan yo t ap mennen kaptif yo soti ann Afrik rive ann Amerik oubyen tou lè kaptif yo t ap sove chape an ba enjistis. Teknik sa a te ede Afriken yo siviv.



# Cheve nou se sekrè nou

Kaptif afriken yo te konn itilize kòdonèt pou yo kreye kat jeyografik pou yo sove kite plantasyon kolonyal yo. Metòd sa a te popilè sitou nan pati sid Amerik la. Sa te ede kaptif yo siviv.

Zansèt nou yo te kreye yon rezo ransèyman. Yo menm vin avèk lide pou yo trese itinerè nan tèt fanm yo nan stil kòdonèt. Yo te konn itilize stil sa a pou fè mesaj sekrè sikile nan plantasyon an.



# Kilti moun nwa

Cheve nou se mòd nou. Afwo nan  
tèt fi nwa se kouwòn li. Afwo  
rakonte istwa nou. Moun ki gen  
afwo ka penyen jan yo vle. Yo ka fè  
kwafi ak cheve yo dwat oswa  
boukle. Se sèl tip cheve sa a ki  
elastik kon sa.





# An nou selebre kwafi lokal !

Planifye yon aktivite pou selebre kwafi lokal nan klas la.

Sa se pral yon bon okazyon pou n ankouraje kwafi lokal tankou afwo, très, kòdonèt, e latriye...



# Aktivite nan klas

Ankouraje elèv yo pou yo vini lekòl la avek kwafi zansèt nou yo tankou trèès ak kòdonèt.

Pwofesè a ap pataje istwa afwo ak trèès yon fason pou ti moun yo rive konprann orijin kwafi sa yo epi apresye entelijans zansèt yo.

Pwofesè a ka sèvi ak liv biyoloji pou ede ti moun yo aprann pi plis sou cheve yo



# Diskisyon

1. Ede elèv yo fyè de cheve yo.

Enspire yo wè bèlte nan cheve moun nwa

2. Ankouraje yo pran swen cheve yo

Lwil natirèl ak chanpou pou tip cheve sa ap ede yo

kenbe cheve a bèl. Aprann yo sou vitamin E/B7

k ap ede cheve yo rete an sante.

3. Fè pwomosyon pou kwafi local

Très, kòdonèt, de dwèt, lòk, e latriye...



# Ki jan pou n pran swen cheve nou : Vitamin E / Vitamin B7

1. Se yon antiyoksidan
2. Ede san sikile pi byen nan po tèt la.
3. Pwoteje cheve a kont radyasyon solèy la,  
kont chalè epi kont nenpòt pwodui ki ka  
detwi cheve a
4. Evite cheve a kase.
5. Idrate cheve a.



# Moun ki fyè de cheve yo

Chache egzanp atis ak lòt moun ki gen enfliyans e ki penyen ak kwafi tankou afwo, très, kòdonèt, e latriye.

Ede elèv yo apresye mesaj pozitif pami lidè ki penyen ak kwafi sa yo pandan y ap fè diskou oswa pèfòmans devan piblik la.

Sa ap ede yo apresye enpòtans kwafi lokal.



# Devwa pou lakay

## 1. Rechèch

- Yon gwoup elèv nan klas la ka fè rechèch pou yo konnen ki engredyan ki bon pou cheve afwo (tankou lwil maskriti).
- Chèche konnen ki engredyan k ap ede cheve a grandi oubyen rete an sante, avek lòt engredyan k ap domaje cheve a.
- Gwoup elèv sa yo ap fè yon redaksyon epi prezante l devan klas la. Elèv yo sipoze an mezi pou yo reponn kesyon sou engredyan yo.
- Ankouraje elèv yo pou yo pwofite fè pwòp pwodwi/lwil avèk engredyan natirèl epi prezante l nan klas la.

## 2. Ekri yon istwa

- Pataje yon istwa ki enspire w e ki pale sou lavi yon moun nwa ki gen lòk, kòdonèt oswa nenpòt lòt kalte kwafi ki onore tradisyon zansèt afriken nou yo. Li kapab yon moun nan fanmi w, yon zanmi, yon ekriven, yon aktè, yon pwofesè, e latriye...

# Referans

<https://face2faceafrica.com/article/how-hair-was-used-to-smuggle-grains-into-the-caribbean-by-african-slaves>

<https://www.essence.com/hair/african-braiding-technique-rice-hunger-slavery/>

<https://thirstyroots.com/braids-for-kids.html>

<https://www.pinterest.com/pin/521854675572127447/>

<https://www.nbcnews.com/shopping/books/inaugural-poet-books-n1255182>